Ассаламу гIалайкум!

Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 10 (7202) 13 Март Гьат1ан 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

КвекIеналги санкциялги къвинариялъе жанисел ресал хIалтIизаризин

(РДялъул БетIерасул Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитIаб гьоркьоб лъуна)

Лъалеб букIахъе дагьаб цебегIан районалъул Собраниялъул сессиялъул заседаниялда гьоркьоб лъуна Дагъистаналъул БетIерас Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитIаб. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал, росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел.

Заседаниялда РДялъул БетIерасул Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитIабалъул ва араб 20I5 соналда районалда гьарурал хIалтIабазул бицана ГI. НурмухIамадовас. «РДялъул БетIерасул Халкъияб Собраниялде гьабураб ХитIаб ккола хадубккун гьабизесеб хIалтIуде кIвар буссинаби гуребги, араб соналъул хIисаб кьейги, гьаб соналъул хIалтIуе кьучI лъейги жанибе бачараб кIудияб кIвараллъул документ. Гьениб загьир гьабун буго республикаялда бугеб ахIвал-хIал, рихьизарун руго ругел захIмалъаби лъугIизариялъе нухал. ХитIабалда къимат кьун буго улкаялда, республикаялда ва тIолабго дунялалдаго бугеб политикиябгун-экономикияб ахIвал-хIалалъе.

Россиялъул районалда бугеб МВДялъул баяназда ре къон 823 дагъистаниял вагъулев вуго Сириялда, гьезул пачалихъиял аскаразде данде. Гьедин бугелъул Р. ХIажимурадовичас ХитIабалда бихьизабун буго терроризмалде данде кинабго дунялалъ, тIолабго жамгIиятаз къеркьей гьабизе кколин. Профилактикияб хIалтIи гIуцIизе ккола террористазулгун-экстремистазул жигарчилъи бугелъуб, гьелде гьетIи бугезулгун. ГIицIго киназулго цадахъаб хIалтIиялъ рес кьезе буго ахIвал-хIалалдаса рорчIизе»,-ян абулеб буго ХитIабалда,-ян бихьизабуна гьес.

(Ахир 2 гьумералда)

Редакторалъул колонка, экстремизм

ГIилла-динияб лъавукълъи

Дир хIисабалда экстремизмалъе ва гьелдасан бачIунеб терроризмалъе аслияб гIиллалъун буго бечелъиялдаги мискинлъиялдаги гьоркьоб бугеб батIалъи. Гьелъ бижулебги буго глаголияб экстремизм, гьелъго квербакъи гьабун лъугьунеб буго миллатчилъи ва цебе рехун бачIунеб буго динияб фундаментализм, ай (тIасан ккараб) вагьабизм.

Россиялъул нормабазда борцани, гьениб экстремизм бижиялъе квербакъи гьабулеб букIана гьелъулго жанисел захIмалъабаз, лъугIиго гьечIел экономикиялгун политикиял реформабаз, гражданлъиялъулаб общество гьечIолъиялъ, ришватчилъи цIакъго цебе тIун букIиналъ. Гьелъ разилъи гьечIолъи бижизабураз хIаракат бахъулеб букIана батIи-батIиял рикьалаби ккезариялъе. ЦIи-цIиял экономикиял балагьаздеги кризисаздеги ругьунлъараб халкъалъин абуни аскIобго бижун бачIунеб экстремизмалде ургьел гьечIеб балагьи гьабулеб букIана. Гьеб гуребги гьанже гурони халкъалда бичIчIун бахъинчIо къватIисел къуватаз; СШАялъ, Европаялъ нахъасан хIалтIун байбихьуда Советияб улка, хадуб Россия биххизабиялъе хIалтIаби гьарулел рукIараблъи. Гьез бигьаго нух бахъана Россиялъул рази гьечIел гIадамазул гьатазулъе ва экстремизм бекьиялъе кинабго гьабуна.

Миллатал гIемераб бугониги Дагъистаналда гьечIо миллатчилъиги миллияб экстремизмги. Лъалеб букIахъе миллатчилъи ккола, масала, цо миллаталъ батIаго чIезе хIаракат бахъи. Нилъер цониги халкъалъ гьединал тIалабал цере лъолел гьечIо.

Амма гIажаиблъи гьабизе ккараб жо буго нилъер республикаялда этническияб экстремизм гьечIеб мехалда динябгун политикияб экстремизм букIин. Гьелъие гIиллалъун батизе бегьула нилъер халкъ рухIияб ра хъалъ бечедаб бугониги динияб рахъалъ лъавукъаб букIин. Гьелъ рес кьуна къватIисан бачIараб динияб экстремизм гьаниб щулалъиялъе. Гьелъие квербакъана гIолилазе хIалтIизе бакIал гьечIолъиялъ, партия биххун хадуб загIипаб букIана гьезда гьоркьоб гьабулеб тарбия кьеялъул хIалтIиги. БакIалъулал идарабазда жеги тIагIунеб гьечIо ришватчилъиги, бюрократизмги, гьелъ цебехун биччалеб гьечIо ритIухълъи, цIикIкIунеб буго бечедазда ва мискиназда гьоркьоб рикьи. Гьел киналго лъугIичIого лъугIизе гьечIо политикияб экстремизмги.

Р. ГIабдулатIипов БетIерлъун вачIаралдаса цебесеб ахIвал-хIал дагьабго хисулеб буго ва ритIухълъи щибаб рокъобе бачIиналда гIадамазул хьулал рижулел руго. Ахирияб заманалда кутаклъизабулеб буго гIадамазда, хасго гIолилазда гьоркьоб гьабулеб тарбия кьеялъул хIалтIи. Гьелдаго цадахъ кIвар кьезе лъикIаб букIинаан исламияб диналъул течениязул ругел хаслабазде, гьезда гьоркьоса тIарикъаталъул нухалъул тIокIлъиялъул халкъалда би чIчIизабуни.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 10 (7202)
13 март 2016 сон

ГьабсагIаталда улкаялда унеб бугеб оптимизациялъги «Обеление экономики»,-абураб приоритетнияб проект гIумроялде бахъинабиялде кьолеб кIваралъги бихьула кигIанго улкаялъе захIматаб заман бугониги гьеб рукIалиде бачиналде Россиялъул нухмалъиялъ цIикIкIараб кIвар кьолеб букIин. Гьеб мурадалда киса-кибего ракьазухъ, буголъиялъухъ налогал ракIари кодохъ босун буго.

КвекIеналги санкциялги къвинариялъе жанисел ресал хIалтIизаризин

Районалъул бетIерас ХитIабалда бихьизабураб экономикияб рахъ цебетIезабиялда тIадчIей гьабулаго абуна: - БакътIерхьул рахъалдасан Россиялдехун политикияб тIадецуй букIиналъухъги балагьичIого, улкаялъул жанисел сурсатал церетIолел руго, гьелдаго цадахъ Дагъистанги цебетIеялъул нухда буго,-ян.

- Россиялде данде лъурал санкциял халат рахъунел руго. Гьедин нилъер улка чучлъизабизе хIаракат бахъулеб буго СШАялъ ва БакътIерхьул цо-цо пачалихъаз.

Гьез цебего хIадурун букIана СССР биххизабизе план ва гьеб гIумроялде ба хьинабуна. Нилъер улкаялъул экономика чучлъизабизе лъурал руго санкциялги. Гьедин гьаб захIматаб заманаялъ Россиялъ кIвар кьолеб буго жанисел ресазде. Гьединалго ресалги ратун цебетIолеб буго Дагъистанги. Экономика цебетIеялъул рахъалъ гьабсагIаталда гьеб I7 бакIалда буго улкаялъул субъектазда гьоркьоб. Гьеб квешаб хIасилги кколаро.

Хадуб бетIерас тIадчIей гьабуна араб соналда экономика цебе бачиналъе районалда гьарурал хIалтIабазда: -ЦIикIкIараб хIалтIи гьабуна экстремизм-терроризм лъугIизабиялъе (гьелъул хIакъалъулъ бахъун букIана гьаб соналъул 22 январалъул «Ахихъан» газеталда).

-ГIезегIаналго хIалтIаби гьарулел руго районалъул экономика борхизабиялъе. Росдал магIишат цебетIезабиялъе ресал ралагьулел руго. Дунялалдаго кризис бугеб механда нилъерго магIишат букIинабичIого нилъее рес гьечIо. Гьанжеялде гIезегIанго къадаралъ лъун руго ахал, 3 гектаралда лъун буго цIолбол ахги.

Районалда байбихьана инвестораз хIалтIаби гьаризе. Гьединазул кумекалдалъун ГьаракIуни гьабуна спортивияб, ай борцовский зал. Гьединго гьабулеб буго АхIулгохIда балагьулеб башня, Майданское, ГьаракIуни, Рихьуни росабалъе лъолел руго газопроводал, ЦIияб ЦIа т1анихъ бана ФАП. Гьединго Майданскиялда гьабуна подстанция. ТIаса напряжение бахъиялъ ток хIалтIизабулел разиго руго. Балахьуни балеб буго школа, Заманалъулаб поселокалда бан бахъунеб буго ясли-ах, ПашилтIа цIияб школа баялъе тадбирал гьаризе руго. Гьединго районалда рагьана МФЦ, жеги гьаризе хIисабалде росун руго гIемерал хIалтIаби; разе руго ясли-ахал, школал, Шамильхъалаялда къачIазе ккола лъел мухъал, канализациял гьел лъикI гьечIолъиялъ кьватIелал рехизарулел руго цо-цо домазда.

КIвар кьезе ккола «Обеление экономики» ва цогидалги приоритетниял проектал гIумроялде рахъинариялде, гьезулъ ругел ричча-ри хъан теял лъугIизаризе ккола. ХIалтIизаризе ккола консервазул заводал, гъутанал, ракьал, цIунизе ккола экология.

ГьабсагIаталда киса-кирего росабалъ унел руго жамагIатазулги нухмалъулезулги дандчIваял,-ян бихьизабуна хадубги бетIерас, -гьедин хIисабалде росулел руго росабазул масъалаби.

Хадубги гьес тIадчIей гьабуна кинабго рахъ кодобе босун росабалъ хIалтIи гIуцIизе ккеялда.

ЦIиял харбал

КIвар бугеб суалгун

Дагьал церегIан къоязда Хьаргаби районалда букIана РДялда гIадамал ва къайи баччулеб тран спорталъул бугеб хIалалъул суал гьоркьоб лъураб данделъи. Совещаниялда гIахьаллъана СКФОялъул Роспотребнадзоралъул МТУялъул начальникасул зам. Муртузали Муртузалиев, РДялъул захIматалъул рахъалъ инспекциялъул нухмалъулев Арсен Булатов, РДялъул транспорталъул рахъалъ министрасул зам. Арслан Арсланов, РДялъул БетIерасул мугIрузул зонаялъул вакил Абулмуслим Абулмуслимов, республикаялъул МФЦялъул директор ГIусман Хасбулатов, МВДялъул ГИБДДялъул управлениялъул, налогазул вакилзаби ва росабазул бутIрул.

А. Арслановас бицана автотранспорталда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе гIоло гьабураб хал гьабиялда тIатарал гIунгутIабазул. Гьелъул бугеб хIалалъ рази гьаруларин бихьизабуна гьес.

Хьаргаби районалъул бетIер Рамазан Малачихановас тIадчIей гьабуна щибав предпринимателас живго налогазул учеталда лъезе ккелин ва налогал кьезе ккелин, гьеб рахъалъ хIалтIи киналго рекъон гьабизе кколин бихьизабуна бет1ерас.

КIалъазе рахъараз жидерго пикраби загьир гьарунa.

Районалда - праздник

Дунялалъулго руччабазул къо 8 марта лъул хIурматалда кIудияб рохалилаб тадбир тIобитIана Шамильхъалаялъул культураялъул руччабазда 8 марталъул праздник баркун РДялъул БетIер Р. ПабдулатIиповас бачIараб кагъат цIалана районалъул Собрания лъул пред. К. Асадулаевас. пред. Барият КIудиевалъ, гьенибго хIаракатал руччабазе шапакъатал кьуна районалъул администрациялъул бетIерасул зам. М. ХIасановалъ.

КIалгIаялъуб. Къокъаб каламалдалъун руччабазда районалъул администрациялъул рахъалдасан праздник баркана ва тадбир бачана бетIерасул зам. С. АхIмадовас, районалъул Праздникалъулаб тадбиралда «Районалъул руччаби – гIуцIарухъаби»,-абураб доклад гьабуна района лъул руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва демографиялъул комиссиялъул Хадуб букIана гIатIидаб программаялъул концерт, цере рахъана районалъул культураялъул хIалтIухъаби, школазул цIалдохъаби, ясли-ахазул гьитIичал.

РукIинесел бухгалтеразулгун гара-чIвари

14 марталда райадминистрациялъул данде лъабазул залалда букIана «Унсоколо район» МОялда цебе гIуцIулеб «Централизованнияб бухгалтериялъул» хIалтIухъабилъун рахъине ругезул собеседование. Гьеб гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул экономикиябгун финансазул рахъалъ тIоцевесев зам. Сиражудин АрулмухIамадовас. Гьелда гIахьаллъана 20 чи. «Централизованнияб бухгалтерия» гIуцIиялъе ругел гIиллабаздаги тIадчIей гьабуна дандчIваялда гьес.

Собеседованиялъ бихьизабуна киналго кандидатазул лъикIалги загIипалги рахъал. Кин бугониги гьеб тIадегIанаб даражаялда ана.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 10 (7202)
13 март 2016 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере

Анкетирование учащихся

2 марта этого года работники Центра занятости населения в МО «Унцукульский район» провели анкетирование учащихся выпускных классов Ашильтинской средней школы с целью мониторинга профессионального самоопределения и выбора профессии (специальности) учащимися после завершения общеобразовательной учебы.

По результатам анкетирования учащихся выпускных классов Ашильтинской средней общеобразовательной школы по вопросу выбора профессии и учебного заведения для продолжения учебы с целью получения специальности изъявили желание продолжить учебу в различных ВУЗах и ССУЗах большая половина выпускников, а остальным предложили получить рабочие специальности по направлению Центра занятости.

Ознакомили учеников с перечнем специальностей и учебных заведений, куда мы направляем для прохождения профессионального обучения и что обучение оплачивается за счет средств республиканского бюджета. Выплачиваем стипендию на время прохождения обучения.

В 2015 году нами были направлены на обучение в разные учебные заведения Республики 110 безработных граждан, состоящих на учете в Центре занятости, в том числе из селения Ашильта 8 человек. Все они после завершения обучения нашли работу и трудятся, по сей день.

Центр занятости населения сообщает:

Нами, ГКУ РД Центр занятости населения в МО «Унцукульский район» в целях, для получения специальности из числа безработных граждан в 2015 году, для прохождения профессиональное обучение в разных учебных заведении были направлены 111 человек. Какие специальности востребованы на рынке труда? На рынке труда востребованы практически все рабочие специальности, а именно строительные такие как (сварщики, слесари, токари, арматурщики, бетонщики, штукатуры, электрики), специалисты по ремонту автомобилей и оборудование и т.д.

В «женских» вакансиях требуется повара, медсестры, швея, кулинары, вышивальщиц, кондитеры, пекарь, парикмахер и т.д.

Есть определенные сложности с трудоустройством. Одна из возможностей сменить сферу деятельности и обрести профессию, востребованную на рынке труда – пройти переобучение. Для этого можно обратиться в Центр занятости. Обучение оплачиваем мы Центр занятости, во время обучения выплачивается стипендия в размере минимального пособия по безработице.

Обучение проводится в профессиональных учебных заведениях, прошедших конкурс на оказание образовательных услуг безработным гражданам.

Перед направлением на профобучение, безработный гражданин проходит профориентационную консультацию с целью выбора профессии.

Перечень приоритетных профессий (специальностей) для профессионального обучения и дополнительного профессионального образования безработных граждан в 2016 году.

п/п	*Наименование профессии (специальности)*
1	Арматурщик
2	Бетонщик
3	Бухгалтер (повыщение квалификации с применением автоматизированной программы
4	Водитель категории «ВС»
5	Вязальщица трикотажных изделий, полотна
6	Вышивальщица
7	Газосварщик
8	Закройщик
9	Каменщик
10	Кассир торгового зала
11	Кондитер
12	Косметик (для лиц, имеющих среднее медицинское образование)
13	Контролер газового хозяйства
14	Контроллер-кассир
15	Кровельщик по стальным кровлям
16	Маляр
17	Массажист

(Продолжение графика на 4 странице)

Что такое коллективный договор? Порядок регистрации коллективных договоров.

Коллективный договор – это конституция каждой организации. Это правовой акт, регулирующий социально-трудовые отношения организации или у индивидуального предпринимателя и заключаемый работниками и работодателем в лице их представителей. Это и повышенный размер минимальной зарплаты, и представление работникам дополнительного социального пакета, обучение и повышение квалификации персонала, оказание материальной помощи ветеранам, инвалидам, молодежи и другое.

В большинстве хозяйствующих субъектов заключивших коллективные договора, работником представляются дополнительные, по сравнению с установленными законодательством гарантии и компенсации.

Коллективный договор могут включаться обязательства работников и работодателя по следующим вопросам:

- формы, системы и размеры оплаты труда;
- выплата пособий, компенсаций;
- механизм регулирования оплаты труда с учетом роста цен, уровня инфляции, выполнения показателей, определенных коллективным договором;
- занятость, переобучение, условия высвобождения работников;
- Экологическая безопасность и охрана здоровья работников на производстве;
- оздоровление и отдых работников и членов их семей;
- частичная или полная оплата питания работников и т.д. Все эти и другие выплаты производятся за счет работодателя, исходя из экономического положения организации.

Коллективный договор заключается на срок не более трех лет и вступает в силу со дня подписания его сторонами либо со дня, установленного коллективным договором.

Стороны имеют право продлевать действие коллективного договора на срок не более трех лет.

Коллективный договор сохраняет свое действие в случаях изменения наименования организации, реорганизации организации в форме преобразования, а также расторжения трудового договора с руководителем организации.

При смене формы собственности организации коллективный договор сохраняет свое действие в течение трех месяцев со дня перехода прав собственности.

При ликвидации организации коллективный договор сохраняет свое действие в течение всего срока проведения ликвидации.

Практика показывает, что в организациях, где не заключаются коллективные договоры, отмечаются наибольшее число нарушений трудового законодательства, а работникам труднее добываться восстановления нарушенных трудовых прав и интересов.

Преимущества коллективного договора очевидны, поэтому он должен заключаться в каждом трудовом коллективе.

Уважаемые работодатели, большая просьба к Вам, все заключенные коллективные договора приносить на регистрацию в ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район» в течении семи дней со дня подписания, согласно ст.40-50 Трудового кодекса РФ.

Адрес: Унцукульский район, с.Унцукуль, ул. М. Мустафаева 30.
тел. (822) 55-62-58,55-62-57
эл.адрес: e-mail:czn-uncuk@mail.ru

Заседние комиссии

9 марта 2016 года в селении Балахани Унцукульского района состоялось заседание Комиссии по примирению, согласию и адаптации при главе МО «сельсовет Балаханский». В работе заседания помимо членов комиссии , участие приняли председатель правления Центра примирения, согласия и адаптации Горного территориального округа Мухтар Мусалагаджиев, члены рабочей группы Гамзатов Н. М., Магомедов Г. А.

Вел заседание председатель комиссии Али Ахмедханов. Главным вопросом заседания был: Рассмотрении заявлений лиц, состоявщихся на профилактическом учёте в ОМВД Унцукульского района: Абдулвагабов С. Я., Ахмедханов М. Д., Адалаев Б. М., Магомедов М . Г. Магомедов С. С. Шихабудинов И.Г. Адалаев С. Г. Газимагомедов Р. М. Мусаев С.Г. Гаджиева Л. М. Гаджиева П. М. Выступивший М. Мусалгаджиев - сказал «Наша задача – обеспечить безопасность общества. Очевидно, что одними усилиями силовых структур и органов этого достичь невозможно, необходима консолидация всего общества. С этой целью создана эта комиссия и одно из направлений Комиссии это работа по оказанию содействия в адаптации к мирной жизни лицам, решившим прекратить террористическую и экстремистскую деятельность на территории республики, района и села и объективно изучить все вопросы, касающийся молодежи». На заседании было принято решение; принять их заявления и ходатайствовать перед районной Комиссией, о снятии с оперативного розыска.

Перечень приоритетных профессий

18	Маникюрша
19	Машинист автогрейдера
20	Машинист бульдозера
21	Машинист крана (крановщик)
22	Машинист (кочегар) котельной
23	Машинист крана автомобильного
24	Машинист экскаватора
25	Младшая мед. сестра по уходу за больными
26	Менеджер
27	Облицовщик-плиточник
28	Оператор котельной
29	Оператор станков с программным управлением
30	Оператор ЭВМ
31	Охранник
32	Оператор швейного оборудования
33	Парикмахер
34	Паркетчик
35	Педикюрша
36	Пекарь
37	Плавильщик
38	Плотник
39	Повар
40	Портной
41	Продавец продовольственных товаров
42	Продавец непродовольственных товаров
43	Садовник
44	Сварщик арматурных сеток и каркасов
45	Сверловщик
46	Секретарь руководителя
47	Слесарь инструментальщик
48	Слесарь по ремонту автомобилей
49	Слесарь-ремонтник
50	Слесарь-сантехник
51	Слесарь по эксп. и ремонту газового оборудован.
52	Слесарь-электрик по ремонту электрооборудов.
53	Столяр
54	Стропальщик
55	Тракторист
56	Токарь
57	Токарь-расточник
58	Токарь-карусельщик
59	Формовщик ручной формовки
60	Фрезеровщик
61	Швея
62	Штукатур
63	Электросварщик
64	Электромеханик по торговому и холодильному оборуд.
65	Электромонтер по ремонту и монтажу кабель. линий
66	Электромонтер по ремонту и обс. электрообор.
67	Электрослесарь строительный

А. МАГОМАЕВ. Вед. инспектор по проф. обучению

Разъяснения МП УМФС России по РД в Унцукульском районе по вопросу о регистрации граждан по месту жительства

Гражданин представляет лицам, ответственным за регистрацию: документ удостоверяющий личность, заявление о регистрации по месту жительства по форме № 6 (приложение № 3 к Регламенту), документ являющийся основанием для вселения в жилое помещение (заявление лица, лиц), предоставившего гражданину жилое помещение, договор, свидетельство о государственной регистрации права (права собственности на жилое помещение), решение суда о признании права пользования жилым помещением, либо иной документ или его надлежащим образом заверенная копия, подтверждающие наличие права пользования жилым помещением).

Проживающие совместно с нанимателем жилого помещения совершеннолетные пользователи свое согласие на вселение членов семьи нанимателя жилого помещения и их постоянное проживание выражают в письменной форме.

В случае вселение в жилое помещение граждан, не являющихся членами семьи нанимателя жилого помещения, проживающие совместно с ним совершеннолетние пользователи и наймодатель свое согласие на постоянное проживание, указанных граждан выражают в письменной форме.

Гражданин, изменивший место жительства, не позднее 7 дней со дня прибытия на новое место жительства обращается с заявлением о регистрации по месту жительства по форме № 6 (приложение № 3 к Регламенту) к должностным лицам, ответственным за регистрацию. В случае не обращения в орган регистрационного учета в течении 7 дней после снятия с предыдущего регистрационного учета предусмотрена административная ответственность по ст. 19.15.1 КоАП РФ – штраф от 2 до 3 тыс. рублей.

Заполненные документы, а также документ, удостоверяющий личность гражданина, заявление о регистрации по месту жительства по форме № 6 (приложение № 3 к Регламенту), документ, являющийся основанием для вселения в жилое помещение, либо сведения о нем в заявлении о регистрации по месту жительства, лица, ответственные за регистрацию, в 3-дневный срок со дня обращения к ним граждан предоставляют в орган регистрационного учета.

Днем поступления документов считается день подачи всех надлежащим образом оформленных документов.

М. МАГОМЕДОВ.
Начальник МП УФМС России по РД в Унцукульском районе

Баркула, хириял медикал!

Рихьуни росдал участкаялъулаб больницаялда ругел медсестрабазул рахъалъ чанго рагIи абизе бокьун буго дие, араб бугониги 8 Мартги баркун. Зарипат, Раисат, Асият, Мадинат. Гьел руго хIеренал, хIалимал, рукъалъул гIадамал гIадинал унтаразда ракI гурхIулел, гьуинаб калама лъул гьайбатал руччаби. Унтаразда унти, ургъел чIаразда ургъел кIочона гьезда аскIоб, хIеренал квераз гьарулел продцедурабаз къокъидго тIад буссинабула сахлъи.

Унтаралъуб квер лъун, хъулухъ гьабулел
Баркала, хириял, хIеренал ясал,
Гьурмада гьимигун, рекIелъ гурхIелгун
ЗахIматал къоязда аскIор чIаралъухъ.
РакI-ракIалъ баркула, марталъул праздник
Гьеб гIадаб берцинал, нужер щиялда,
Рохелалъ гурони талихI къосиналъ
НуцIа къиругеги, нужер къавулъе!

Аминат ГIАБДУЛАЕВА. Унсоколо росу.

ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянное свидетельство о государственной регистрации права собственности с кадастровым номером 05: 3500000: 1819, расположенным по адресу: Унцукульский район, пос. Шамилькала, дом 6, кв. 10, выданный на имя жительницы с. Кахабросо Алидибировой Халимат Магомедовны считать недействительным.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГъаракIуни гьоркьохъеб школалъул директор ГIайшат МухIамадовалда ва тIолабго гIагарлъиялда къокъидго унтиги чIван вац

ТIагьир

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГъаракIуни школалъул директор ГIайшат МухIамадовалда ва тIолабго гIагарлъиялда вац

ТIагьир

къокъидго унтиги чIван къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор

Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 12.03.16 г. 17.10
фактически -19. 10 мин.
.....
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.